


GRATIS



JEZI KRIS AP RETOUNEN

REVELASYON FEN TAN AN

SÈN DOKTRIN

FÒMIL BATÈM DLO A

Sous & Kontak:

Sit Entènèt: <https://www.mcreveil.org>

E-mail: mail@mcreveil.org

Jezi Kris Se Vrè Bondye a E Lavi Etènèl

***Ou menm, Danyèl, kenbe pawòl sa yo sekrè, e sele liv la pou jous tan la fen an. Lè sa plizyè pral li'l, e konesans lan pral ogmante.
Danyèl 12:4***

Ale, Danyèl, donk pawòl sa yo pral kenbe sekrè e sele pou jous tan la fen an. Plizyè pral pirifye, blanchi e chatye; mechan yo pral fè mal e okenn nan mechan yo pap konprann, men moun ki pral gen entèlijans yo pral konprann.

Danyèl 12:9-10

**Anvan pou kòmanse lekti Ansèyman sa a,
Meditè kèk tan sou kesyon sa a:**

Ki kote ou pral pase Letènite'w?

Nan Syèl?

Oswa

Nan Lanfè?

**Lanfè a Reyèl, e li Etènèl.
Panse ak sa!**

Bon lekti! Ke Bondye revele li ak ou!

Avètisman

Liv sa a gratis e pa ka nan okenn ka konstitiye yon sous komès.

Nou lib pou kopye Liv sa a pou predikasyon nou yo, ak pou distribye'l, oswa pou Evanjelizasyon nou sou Rezo Sosyal yo, a kondisyon ke kontni li nan okenn ka pa modifye ou chanje, e ke sit mcreveil.org a site kòm sous.

Malè ak ajan satan renmen lajan yo ki pral tante pou vann ansèyman sa yo ak temwanyaj sa yo!

Malè ak nou, pitit satan yo ki pran plezi po pibliye ansèyman sa yo ak temwanyaj sou Rezo Sosyal yo nan kache adrès sit Entènèt www.mcreveil.org a, oswa pou chanje kontni yo!

Konnen ke nou kapab chape nan jistis lèzòm, men nou pap chape sètènman nan jijman Bondye a.

Sèpan, ras koulèv! Kòman nou pral chape nan chatiman lanfè? Matye 23:33.

Tab Matyè yo

Avètisman	3
1- Entwodiksyon	5
2- Nan ki non pou batize?	5
3- Diskou demon yo	6
4- Egzamen rezònman demon yo	6
5- Konsekans rezònman demon yo.....	7
6- Egzamen kèk pasaj biblik.....	7
7- Lòt konsekans nan rezònman demon yo	8
8- Demon sa yo konteste otorite Bondye a.....	9
9- Ki sa Bib la di sou Jan Batis	10
10- Demon sa yo demontre Bib la fo	11
11- Demon yo fò pou tòde sans pawòl Bondye a	13
12- Nosyon senp repetisyon kòmandman dapre demon yo	13
13- Travay 18:24-28 ak Travay 19:1-7.....	15
14- Nan Non Mwen.....	16
15- Lòt pasaj edifyan	17
16- Revelasyon	21
17- Ajan dyab lougawou yo kwè ke yo pi entelijan pase Jezi	21
18- Yon kesyon bon sans	22
19- Temwayaj	22
20- Avètisman.....	23
21- Konklizyon	24
Envitasyon	26

FÒMIL BATÈM DLO A

1- Entwodiksyon

Nan Matye 28:18-20, Senyè a e Mèt nou an Jezi Kris bay enstriksyon yo pou Batèm Dlo a ak Apot Li yo nan tè sa yo: *"¹⁸Jezi pwoche bò kote yo, li di yo konsa: Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a. ¹⁹Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, **batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a.** ²⁰Moutre yo pou yo obsève tout sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba."*

Malgre ke mesaj Senyè a jan nou te jis li l' pi wo a san difikilte, ajan satan yo te reyisi, menm jan yo konnen ki jan pou yo fè, nan kreye konfizyon alantou sijè sa a, ap eseye ak malis pou pwouve ke sa ke nou sot li a, ta dwe pito yon parabol ki cache yon mistè ki ta dwe sèlman revele pita ak Apot Pyè. Lè sa a, yo diskite ke enstriksyon Senyè a nan Matye 28:19 la ta anreyalite gen yon siyifikasyon diferan ki soti nan mesaj ki bay la. Konfizyon sa a ki abilman kreye epi nouri pa ajan Lanfè sa yo te fini pa kreye sa ki apwopriye sèjousi yo rele **Fòmil Batèm Dlo a**; sa ki nan lòt tè m vini nan poze tèt nou kesyon pou konnen nan ki non batèm dlo a dwe fèt.

2- Nan ki non pou batize?

Propagasyon sèk satanik yo fè travay Senyè a trè konplike. Bagay sa yo ke yo pa ta dwe nan okenn fason yon pwoblèm, yo se yon pwoblèm jodi a a koz travay destriktif ke ajan Lanfè yo ap fè nan mitan pèp Bondye a. Sèpan sa yo te polye ansèyman Jezi Kris yo avèk venen yo a, nan pwen pou mete trè souvan plizyè pitit Bondye inyoran nan konfizyon ak dout. Se sa k'ap pase avèk ka batèm dlo a, kote nosyon "fòmil batèm" nan te vin yon pwoblèm grav. Travay 20:29-30 di: *"²⁹Mwen konnen tou, apre m' fin ale, gen moun k'ap vin nan mitan nou pou kraze legliz la, tankou chen mawon nan yon bann mouton. ³⁰Gen moun k'ap soti nan mitan nou menm menm, k'ap kanpe pou bay manti, pou chache rale kèk disip dèyè yo."* Se sa ke n'ap viv kounye a.

Kèk demon sou fòm moun odasye te jire pou reyisi kote premye kòlèg yo a te echwe a. Yo te pran sou tèt yo chay pou reyisi detwi verite a, e pwouve avèk siksè ke pawòl Bondye a fo, e ke Bondye se sèlman yon vilgè mantè. Pale mal sou Bondye se sèl motif vrè pitit dyab sa yo, yo plonje tèt yo nan li profondman. Koulèv sa yo nan dènye jenerasyon yo pi detèmine pase sa yo ki te dèyè Jezi yo. Yo te fè sèman pou yo refize batèm Jan an, ak pwouve ke batèm sa a pa soti nan Bondye. Pou yo rive la ak sa, yo te dabò te kreye yon doktrin dapre li Bondye Papa a ak Sentespri a pa ta egziste. **Epi pou ranpli vid la ki ta lèse Bondye Papa a ak Sentespri a pa egziste a, yo te fabrike yon jezi ki dapre yo menm ta an menm tan Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a.** A propo sa a, nou envite nou li ansèyman an ki rele **"Jezi Kris se Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a?"**, si nou pat' li l' ankò. N'ap jwenn li sou sit la www.mcreveil.org.

Gwo manipilasyon mond okil sa a gen pou objektif pou ede yo pwouve ak demontre ke enstriksyon Jezi a nan Matye 28:19 la pa lòt anyen ke yon blasfèm, paske Bondye Papa a an reyalite pa ta egziste, e Sentespri a an reyalite pa ta egziste non plis. Yon fwa ke inyoran yo tonbe nan pèlen ajan dyab sa yo e kwè

Sous & Kontak: Sit Entènèt: <https://www.mcreveil.org> E-mail: mail@mcreveil.org

ke Bondye Papa a ak Sentespri a pa ta egziste, li pi fasil pou yo pou aksepte lefèt ke Jezi nan mande apot li yo pou yo batize moun nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a pou fè yo vin disip, te tou senpleman t'ap blasfème, e menm mete yon pèlen pou apòt Li yo. Se pou nou egzaminen ansanm diskou demon yo.

3- Diskou demon yo

Kòmansman ekstrè diskou demon yo: [Donk an fèt Bib la deklare: Matye 28:19 "Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a." Se konsa, isit la nou wè kòmandman Senyè a (yon lòd) pou apot li yo nan tan kote l'ap leve moute nan syèl la. Sepandan, Bib la ankò di: Matye 16:17-19 "Lè sa a, Jezi di li: Ou wè ou menm, Simon, pitit Jan an, ou se yon nonm Bondye beni. Paske, se pa moun ki fè ou konn verite sa a. Men, se Papa m' ki nan syèl la ki fè sa pou ou. Mwen menm, men sa m'ap di ou: Ou se yon wòch, Pyè. Se sou wòch sa a m'ap bati legliz mwen an. Ata lanmò p'ap kapab fè l' anyen. M'ap ba ou kle Peyi Wa ki nan syèl la. Tout sa ou va defann moun fè sou latè, yo p'ap kapab fè l' nan syèl la non plis. Tout sa ou va pèmèt moun fè sou latè, y'a kapab fè l' nan syèl la tou." Soti nan pasaj sa a li montre ke Pyè te resevwa revelasyon nan ki moun Kris la soti, te resevwa kle wayòm syèl yo. Donk ki lè yo te itilize kle sa yo? Travay 2:38 "Pyè reponn yo: Tounen vin jwenn Bondye, epi yonn apre lòt vin resevwa batèm nan non Jezi Kris, pou Bondye padone tout peche nou yo. Apre sa, n'a resevwa Sentespri, kado Bondye a." Nan pasaj sa a nou wè, yon kote itilizasyon pa Pyè kle wayòm syèl yo, epi lòt kote a, li obeyi ak lòd Senyè Jezi Kris konsènan batèm a. Donk Pyè pa t' kontante tèt li ak yon senp resitasyon oswa repetisyon kòmandman Senyè Jezi a, li te konprann ke dèyè non Senyè Jezi Kris genyen tout plenitud Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Konpreyansyon pawòl Bondye sa a li dayè konfime nan lòd Senyè a li menm lè li te di: "... nan non Papa a Pitit la ak Sentespri a." "Nan non" ke yo te ekri an sengilye epi pa o pliryèl. Sibtilite sa a nan ekri pa yon erè, men pito yon endikasyon de yon non komen pou menm moun Papa a, Pitit la ak Sentespri a: Non Senyè Jezi Kris.] **Fen ekstrè ki soti nan diskou demon yo**

4- Egzamen rezònman demon yo

La, nou sot li rezònman ajan satan sa yo ki kwè ke yo kapab demontre ke yo konnen Bib la plis pase Bondye, otè Bib la. Yo panse ke yo kapab eksplike Bondye sa yo panse ke Bondye pa ta konprann. Kounye a, byen-neme, se pou nou egzaminen ansanm estipidite rezònman twonpè sa yo. Daprè yo, Senyè a nan mande nou, nou menm disip Li yo, pou ale fè disip nan tout nasyon yo, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a, t'ap ban nou yon enstriksyon ke pa gen moun ki ta dwe pran risk pou yo mete an pratik, pou pèn pou pa fini nan Lanfè. Jis yon minimum bon sans ap pèmèt nou konprann ke Jezi ki, pouse pa gwo renmen L' te vin mouri pou sove nou, pa ka an menm tan mete yon gwo pèlen konsa. Daprè doktrin demon sa yo, tout moun ki batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a, pral nan Lanfè, ak tout sèvitè Bondye yo k'ap batize moun nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a, pral nan Lanfè.

Nou reyèlman bezwen pou nou trè entelijan pou konprann ke doktrin sa a li vrèman satanik? Ki jan fè pou sèlman mete yon enstriksyon Jezi an pratik ka vo Lanfè pou nenpòt moun ki fè li? Kouman li fè posib ke obeyisans ak Jezi vin tounen yon pòt pou Lanfè a? Di'm nan ki fason obeyi Jezi, e batize moun nan

Nou lib pou fè foto kopi liv sa a e pou distribye'l. Men li entèdi pou modifye'l ou pou chanje'l.

non Papa a, Pitit la ak Sentespri, ta dwe yon peche, e yon gwo peche konsa ke tout moun ki komèt li pral nan Lanfè? Nou menm ki moun ki yon ti jan yon ti kras espiyèl, pral dwe fasilman konprann ke si Jezi Kris Sovè nou an te vle pou'l te voye nou nan Lanfè **pou anyen**, Li pa t'ap chwazi vin mouri pou nou. Se pouse pa dezi pou sove nou ke Jezi te vini soufri sou tè a, epi aksepte lanmò ki pi imilyan an. Demon sa yo eseye pwouve nou ke se an reyalite yon komedi ke Jezi te jwe nan bay lenpresyon ke Li te vini sove nou, alò se pèdi ke Li te vini pèdi nou. Sonje trè klèman ke si se yon peche pou yo batize nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri, se ke Jezi ta mete yon pèlen pou nou, pou gen kèk pretèks pou voye nou nan Lanfè.

Daprè ajan dyab lougawou sa yo, chak batèm dwe fèt nan non Jezi, paske Pyè, ki te resevwa yon kle konsènan sekre ke Jezi Li menm pa t' genyen, ta sèl moun ki posede mistè batèm nan. Yon mistè ke ni Jan Batis ni Jezi Kris, pat gen konesans. Alelouya! Demon sa yo pou pwouve nou ke yo pa konprann anyen nan pawòl Bondye a, pèmèt tèt yo soutni ke Pòl te rebatize disip yo ankò nan Travay 19 paske premye batèm disip sa yo te pran an se te batèm Jan an, ki dapre yo se yon fo batèm, paske li pa t' fè nan non Jezi. Kèl betiz! Daprè yo, Pòl ta gen tan anile batèm Jan an, pou bay disip sa yo vrè batèm nan, sa ki nan non Jezi a.

Koulye a, byen-neme, kite m' ekspoze sotiz doktrin demon sa yo. Kite m' montre nou ke pa gen okenn ajan Lanfè ki pral kapab detwi pawòl Bondye a. Sipoze yo gen rezon, e ann wè jis ki kote doktrin yo a pral mennen nou:

5- Konsekans rezònman demon yo

Daprè rezònman demon sa yo, Pyè ta resevwa nan men Jezi kle wayòm syèl yo, e kle sa yo ta louvri chanm kote mistè fòmil batèm dlo a te kache a. Si sa te vre, chè frè, sa ta vle di jouk lè Pyè te itilize kle'l yo pou jwenn aksè nan misterye mistè konsènan fòmil batèm dlo a, pa gen okenn batèm ki te fèt avèk bon fòmil la; sa vle di ke okenn batèm pat bon; lè sa a:

- 1- Tout batèm ki te fèt anvan Pyè te dekouvri misterye fòmil la yo pa valab.
- 2- Jan Batis te pèdi tout tan li, paske okenn batèm li te fè pa valab.
- 3- Jan Batis donk pat soti nan Bondye, paske ministè li a pat soti nan Bondye.
- 4- Bondye ki reklame te voye Jan Batis ta yon mantè, paske Li pa't voye l'.
- 5- Jezi Kris ki rann temwanyaj pou Jan Batis ta sèlman yon mantè, e yon twonpè, ki pouse moun yo pa riz pou resevwa batèm Jan an ki ta yon fo batèm.
- 6- Jezi Kris ta sèlman yon komedyen ki pèmèt tèt li pou resevwa devan tout moun batèm Jan an ki ta yon fo batèm. E pandan Li t'ap fè'l la, Li tann yon pèlen pou nou, pou nou tout ki rele pou swiv mach Li yo.

6- Egzamen kèk pasaj bibliik

Jan 3:22 di nou: *"Aprè sa, Jezi ale ansanm ak disip li yo nan peyi Jide. Li rete kèk tan la ak yo, li t'ap batize moun."*

Kòm nou konstate'l nou menm, nan tan sa a Jezi pa t' ankò bay Pyè kle yo. Misterye fòmil batèm nan pa t' ankò te dekouvri. Men Jezi k'ap batize san

misterye fòmil demon sa yo. **Kesyon:** Ki sa tout batèm sa yo ke Jezi te fè anvan Pyè te dekouvri misterye fòmil la pral vini? **Repons:** Daprè doktrin demon sa yo, Pòl pral refè tout batèm sa yo.

Jan 4:1-2 *"¹Farizyen yo tande Jezi t'ap fè plis patizan pase Jan, li t'ap batize plis moun pase l' tou. ²Men, pou di vre, Jezi pa t' janm batize pèsonn. Se disip li yo ki t'ap batize."*

Kòm nou menm nou konstate'l, nan tan sa a Jezi pa t' ankò bay Pyè kle yo. Misterye fòmil batèm nan pat ankò dekouvri. Men disip yo, ki gen ladann Pyè, k'ap batize san misterye fòmil demon sa yo. **Kesyon:** Ki sa tout batèm ke Pyè ansanm ak lòt disip yo te fè yo anvan dekouvèt misterye fòmil la pa Pyè pral vini? **Repons:** Daprè doktrin demon sa yo, Pòl pral refè yo tout ankò.

Kesyon: Pandan ke yo ap tann pou Pòl al rankontre tout disip sa yo pou rebatize yo ankò, ki sa tout moun ki pral gen malè mouri yo nan tan sa a? **Repons:** Daprè doktrin satanik sa a, yo tout pral nan Lanfè, pou konfime ke Jezi te vini pou mete yon pèlen pou yo pou voye yo nan Lanfè.

Matye 3:13-15 *"¹³Lè sa a, Jezi soti nan peyi Galile, li vin larivyè Jouden, bò kote Jan pou Jan batize li. ¹⁴Men, Jan pa t' dakò pou sa menm. Li di l': Se ou ki pou ta batize m', epi se ou menm ki vin jwenn mwen pou m' batize ou? ¹⁵Jezi reponn li: Kite sa fèt konsa koulye a. Se konsa pou nou fè tout sa Bondye mande. Jan pa t' kenbe tèt avè l' ankò."*

Men Jezi ki volontèman ale kote Jan pou pran yon fo batèm, piske daprè doktrin demon sa yo, batèm Jan an fo. **Kesyon:** Ki jan Jezi Kris ka tèlman inyoran nan pwèn pou fè batize'l pa yon moun ke batèm li an ta fo? **Repons:** Li pa t' ankò te rankontre Pòl pou ansenye L' vrè batèm nan, daprè doktrin demon sa yo.

Kesyon: Kounye a ke Jezi te fè batize'l nan batèm Jan an, ki se yon fo batèm, kisa Li va fè? **Repons:** Daprè doktrin demon sa yo, jou Pòl pral rankontre L', Pòl va ansenye'L vrè batèm nan, e rebatize Li ankò. Alelouya!

Apot Pyè ak tout lòt Apot yo te batize anvan dekouvèt fòmil misterye batèm nan pa Pyè. **Kesyon:** Kisa batèm Pyè a ak lòt Apot yo pral vini? **Repons:** Selon doktrin demon sa yo, yo tout pral jwenn Pòl pou li rebatize yo.

7- Lòt konsekans nan rezònman demon yo

Daprè demon sa yo, Pòl ta rebatize disip yo ankò nan Travay 19, paske disip sa yo te resevwa batèm Jan an; enben, ki konfime daprè menm demon sa yo, ke batèm Jan an se pa nan Bondye'l soti; se poutèt sa, Pòl te anile li. Si sa a te vre, tout moun ki te batize soti nan batèm Jan an ta dwe oblije, pou yo ka sove, yo dwe rebatize ankò pa Pòl oswa pa yon lòt moun, avèk sèl vrè fòmil batèm ki te dekouvri pa Pyè avèk èd kle majik li yo. Nan moun ki te batize soti nan batèm Jan an, gen Jezi li menm, gen Apot Pyè, gen tout lòt apot yo, gen dè milye nan disip yo, gason ak fanm, ke Jan, Jezi ak disip yo te batize. **Kesyon:** Ki sa tout moun sa yo pral fè? **Repons:** Daprè doktrin demon sa yo, yo tout pral oblije pou fè rebatize yo ankò, swa pa Pòl, oswa pa yon moun ki ta kwè tankou Pòl, ke batèm Jan an pa soti nan Bondye.

Soti nan Matye pou rive nan Revelasyon, pa gen yon sèl vèsè ki di ke Apot yo te rebatize ankò. Si yo pat rebatize yo ankò, se ke yo tout te rete

Nou lib pou fè foto kopi liv sa a e pou distribye'l. Men li entèdi pou modifiye'l ou pou chanje'l.

avèk batèm Jan an, ki dapre demon yo, se yon fo batèm. **Kesyon:** Ki kote tout Apot sa yo kounye a ye? **Repons:** Nan Lanfè sètènman. Kòman yo ka otreman pa ladann, piske yo pat rebatize pa vrè fòmil la, selon demon sa yo?

Soti nan Matye pou rive nan Revelasyon, pa gen yon sèl vèsè ki di ke disip yo ki te pran batèm Jan an, yo te rebatize yo ankò. Si yo pat batize yo ankò, se paske yo tout te rete ak batèm Jan an, ki dapre demon yo, se yon fo batèm. **Kesyon:** Ki kote tout disip sa yo kounye a ye? **Repons:** Nan Lanfè sètènman. Ki jan yo ka antre nan syèl la ak yon fo batèm dapre demon yo?

Soti nan Matye pou rive nan Revelasyon, pa gen yon sèl vèsè ki di ke Jezi te batize ankò apre batèm Li an pa Jan. Si Li pat rebran batèm Li an ankò, se ke Li te chwazi pou fè rebèl kont Bondye nan apwouve fo batèm Jan an. **Kesyon:** Ki kote Jezi ta dwe ye kounye a? **Repons:** Dapre doktrin demon yo, li ta nan Lanfè, paske pa gen okenn moun ki ka fè rebèl kont Bondye e ale nan Syèl la. **Nou konprann kounye poukisa demon sa yo di ke Jezi Kris pa sou bò dwat Papa a. Se paske dapre yo, Jezi Kris nan Lanfè.**

Selon doktrin demon yo, tout disip yo ki te batize pa Jan, tout te dwe rebran batèm yo a, pou yo ka sove, pou moun ki te toujou vivan nan moman dekouvèt misterye fòmil la pa Pyè. E pou tout moun ki te gen malè mouri anvan Pyè eksplwate kle l' yo, menm jan tou pou moun ki te refize rekòmanse batèm yo, Lanfè a garanti.

Selon doktrin demon yo, Jezi Kris pa ni Bondye, ni Kris la, ni Mèt la. Li se yon senp inyoran. Li te pèmèt li batize e kite disip Li yo batize dè milye de moun, san sèl vrè fòmil batèm nan. Anplis de sa, Li te fè tèt Li batize ak yon batèm ki pa soti nan Bondye.

Matye 3:16-17 *"¹⁶Fin Jan fin batize l', Jezi soti nan dlo a. Menm lè a, syèl la louvri, Jezi wè Lespri Bondye a desann sou fòm yon ti pijon vin sou li. ¹⁷Lè sa a, yon vwa soti nan syèl la, li di: Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m' kontan anpil."*

Men Jezi nan dlo a ap pran yon fo batèm. Pandan se tan, syèl la louvri, e Sentespri a vini desann sou Li tankou yon ti pijon pou apwouve fo batèm Li a, epi Bondye Papa a pale nan Syèl la, e apwouve Pitit byeneme Li a poutèt li te pran yon fo batèm. **Kesyon:** Ki jan Bondye Papa a, Jezi Kris, ak Sentespri a yo tout ka tronpe nan fason sa a pa rapò a batèm Jan Batis la? Ki jan yo tout te kapab kwè ke batèm Jan an te yon vrè batèm nan pwèn pou apwouve li, yo tout ansanm? **Repons:** Okenn nan yo pat ankò rankontre Pòl pou'l ansenye yo vrè batèm lan, dapre doktrin demon sa yo.

8- Demon sa yo konteste otorite Bondye a

Lòt demon yo ki te dèyè Jezi yo te deja gen misyon sa a pou detounen moun yo de batèm Jan an, nan pwèn ke batèm Jan an pat soti nan Bondye. Men pè pou yo lapide pa foul moun yo, yo pa t' bay gabèl. Yo te pi pito pou di ke yo pa t' konnen ki kote batèm Jan an te soti. Men, piske demon nan jenerasyon sa yo yo san danje epi yo konnen ke yo pa ka lapide, yo te pèmèt tèt yo lib, pou demontre ke batèm Jan an pa soti nan Bondye, yon fason pou di nou ke Jan pa t' soti nan Bondye. Se konsa, demon sa yo pa atake sèlman Bondye Papa a, Jezi Kris Pitit

Gason Papa a, ak Sentespri a, yo menm atake Jan Batis. Yo konteste Bib la tout antye. Se an reyalite otorite Bondye a ke yo konteste la.

Matye 21:24-27 ²⁴Jezi reponn yo: ... ²⁵**Ki moun ki te voye Jan batize moun? Bondye osinon moun?** Men, yonn t'ap di lòt konsa: Si nou reponn: Se Bondye ki te voye l', la mande nou poukisa nou pa t' kwè l'. ²⁶Si nou reponn: Se moun ki te voye l', afè nou p'ap bon ak foul moun yo, paske yo tout te pran Jan Batis pou yon bon pwofèt. ²⁷Aprè sa, yo reponn Jezi: Nou pa konnen..."

Kesyon sa a ke Senyè Jezi te adrese a ajan satan sa yo nan Matye 21:25 revele nou yon bagay trè enpòtan. Senyè a te konnen ke youn nan misyon demon yo se te pou detwi e anile ministè Jan Batis la nèt. Lè li te poze yo kesyon sa a, Senyè a te pwouve yo ke Li te konnen byen misyon yo. Epi demon yo te konfonn pou konnen ke Senyè a te metrize yo. Jezi te kwense yo byen, e konfizyon yo te total.

Konnen se poutèt sa, byen-neme, ke ministè demon sa yo k'ap sipòte ke batèm nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a fo, se pa yon nouvo ministè. Misyon sa a te kòmanse depi Jan te kòmanse ministè li. Demon yo jodi a yo tou senpleman ap fini misyon an ke kòlèg yo te kòmanse nan tan Jan Batis la ak Jezi, men ki te fini nan echèk. Demon yo jodi a gen konfyans yo pral akonpli misyon sa a. Yo di tèt yo ke Jezi pa fizikman ankò sou latè pou fèmen bouch yo. Sa yo inyore se ke menm si Jezi pa ankò fizikman sou tè a pou fèmen bouch yo, Li te konfye travay sa a bay sèvitè li yo ke nou ye. Nou pral fèmen bouch ajan Lanfè sa yo, e nou pral fè sa avèk anpil siksè kòm Mèt la Li menm.

Demon sa yo kwè ke Senyè a te fè batèm dlo a tankou yon gwo mistè ke fòk gen yon kle espesyal ki nesesè pou gen aksè ak li, e misterye kle sa a, sèlman Pyè ki ta resevwa li. Jezi ta donk la a, dapre demon sa yo, ap bay Pyè yon kle ke Jezi li menm pa konnen kontni an. Dapre entèpretasyon sèpan sa yo, Jezi li menm pa t' konnen ansèyman sou batèm dlo a. Si Jezi te konnen ansèyman sou batèm dlo a, li pa tap janm te ale fè batize'l pa Jan, piske batèm Jan an, dapre yo, pa soti nan Bondye. Kounye a ke demon sa yo ap eseye montre nou ke Jan Batis pa t' soti nan Bondye, paske ministè'l la pat soti nan Bondye, ann nale wè sa **Bib la di sou Jan Batis**.

9- Ki sa Bib la di sou Jan Batis

Bondye di sou Jan Batis ke li se mesaj Li: Mak 1:2 "Nan liv pwofèt Ezayi a, men sa ki te ekri: Bondye di: Men m'ap voye mesaj m' lan devan ou. La louvri chemen an pou ou."

Jezi di sou Jan Batis ke li se yon pwofèt, e menm pi plis pase yon pwofèt: Matye 11:7-9 ⁷Lè patizan Jan yo al fè wout yo, Jezi pran pale ak foul la sou Jan. Li di yo konsa: Sa nou te al wè nan dezè a? Yon pye wozo van t'ap souke? Non. ⁸Men, kisa nou te al wè menm? Yon nonm abiye ak bèl rad? Ala, moun ki mete bèl rad, se kay wa a yo jwenn yo. ⁹Manyè di m' kisa nou te al wè menm? Yon pwofèt? Wi, mwen menm mwen di nou: li pi plis pase yon pwofèt."

Bondye anonse ke Jan Batis pral ranpli avèk Sentespri depi nan vant manman'l: Lik 1:13-17 ¹³Men zanj lan di li: Pa pè, Zakari. Bondye te tande lapriyè ou la. Elizabèt, madanm ou, pral ba ou yon pitit gason; ou va rele l' Jan.

Nou lib pou fè foto kopi liv sa a e pou distribye'l. Men li entèdi pou modifye'l ou pou chanje'l.

¹⁴Ala kontan wa kontan lè pitit sa a va fèt! Anpil lòt moun va kontan tou lè sa a. ¹⁵L'ap yon grannèg devan Bondye, Mèt la; li p'ap bwè ni diven, ni ankenn alkòl. Depi nan vant manman li, l'ap anba pouvwa Sentespri a. ¹⁶L'ap fè anpil moun nan pèp Izrayèl la tounen vin jwenn Mèt la, Bondye yo a. ¹⁷L'ap mache devan Bondye nan menm lespri ak menm pouvwa pwofèt Eli te genyen an. L'ap fè papa vin byen ankò ak pitit; l'ap fè moun ki rebèl rive gen konprann tankou moun k'ap obeyi Bondye, l'ap pare yon pèp byen dispoze pou resevwa Mèt la."

Jan Batis te moun ki te gen misyon pou preche batèm repantans lan pou padon peche yo: Lik 3:2-3 *"Lè sa a, se Àn ak Kayif ki t'ap sèvi tankou granprèt. Nan menm epòk sa a, Bondye pale ak Jan, pitit Zakari a, ki te nan dezè a. ³Jan mache nan tout peyi bò larivyè Jouden an; li t'ap bay mesaj sa a: Tounen vin jwenn Bondye. vin resevwa batèm: Bondye va padone peche nou yo."*

Jezi reprimande moun paske yo pat kwè nan Jan Batis: Matye 21:32 *"Paske, lè Jan Batis te vin bò kote nou, lè li t'ap moutre nou jan pou nou viv dwat devan Bondye a, nou pa t' kwè li. Men, pèseptè kontribisyon ak fanm movèz vi yo te kwè li. Malgre nou te wè sa, nou pa t' chanje lide nou pou n' te kwè nan li tou."*

10- Demon sa yo demontre Bib la fo

Si donk se nan chemen dwat ke Jan te preche batèm repantans lan pou tout pèp Izrayèl la, kesyone batèm li an ta dwe konsidere refize moun ki voye li a, Sa vle di, Bondye Li menm. Sa a se an reyalite objektif la ki cache nan demon sa yo. Yo te fè sèman pou yo refize Bondye. Avèk sa nou sot li yo, Èske nou panse ke si Bib la vrè, batèm Jan an li ka fo nan pwen kote Pòl retrouve li ap rebatize ankò moun ki te pran batèm sa a? Demon yo donk ap montre nou ke Bib la fo; donk pou ke batèm Jan an fo, fòk Bib la li menm fo. Demon sa yo pretann ke nou pa ta dwe batize nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Yo di nou ke Apot yo ak tout disip yo te batize nan non Jezi, epi yo site pou nou tout pasaj sa yo:

Travay 2:38 *"Pyè reponn yo: Tounen vin jwenn Bondye, epi yonn apre lòt vin resevwa batèm nan non Jezi Kris, pou Bondye padone tout peche nou yo. Apre sa, n'a resevwa Sentespri, kado Bondye a."*

Travay 10:48 *"Epi li bay lòd batize yo nan non Senyè a. Apre sa, yo mande Pyè pou l' rete pase kèk jou avèk yo."*

Ti klarifikasyon konsènan **Travay 10:48**. Pandan ke nan kèk vèsyon nan Bib la li di ke Pyè òdone ke moun sa yo batize **nan non Senyè a**, nan lòt vèsyon li pito di ke Pyè òdone ke moun sa yo batize **nan non Jezi Kris**. Sa a nan reyalite pa gen okenn pwoblèm, piske pou Apot Pyè ki te krenn Bondye, te gen sèlman yon sèl vrè Senyè, Jezi Kris. Sa a montre ke Pyè te santi'l lib nan nenpòt ki lè pou pale swa de Senyè a, oswa de Jezi Kris, pou di menm bagay la, oswa pou dezinye menm moun nan.

Travay 19:5 *"Lè yo tandè sa, yo mande pou resevwa batèm nan non Senyè Jezi."*

Kounye a ke nou sot reli pasaj sa yo, montre m' ki kote fòmil yo itilize yo nan dlo a mansyone. Manyè di m' ki kote nou wè yon sèl Apot oswa disip yo nan dlo a pwononse kèk kalite fòmil. Yon fwa Apot yo ak disip yo nan dlo a, montre m' yon sèl kote ki kote fòmil ke yo te itilize a mansyone.

Mwen vle fè nou sonje ke fè yon bagay nan non Jezi se pa yon fòmil. Tout bagay n'ap fè pou tout bèl pouvwa Bondye a fèt nan non Jezi. Lè n'ap aproche nou sou Bondye, se nan non Jezi. Lè n'ap fè travay Bondye a, se nan non Jezi. Lè n'ap fè lwanj Bondye, se nan non Jezi. Tout bagay n'ap fè tankou moun k' ap sèvitè Bondye oswa kòm pitit Bondye fèt nan non Jezi. Sa pa fè non Jezi yon kèlkonk fòmil. Kolos 3:17 di: *"Tout sa n'ap fè, tout sa n'ap di, **fè l' nan non Senyè Jezi**, san nou pa janm bliye di Bondye Papa a mèsi nan li."*

Si ekspresyon yo ki itilize pa Apòt yo nan Travay te konstitiye bann fòmil, nou ta retrouve nou ak plizyè fòmil pou batèm, piske plizyè ekspresyon te mansyone. **Egzanp:** nan Travay 2:38, Pyè te mande ke moun yo resevwa batèm **nan non Jezi Kris**, men kote premye fòmil la ye. Nan Travay 10:48, dapre kèk vèsyon, menm Pyè a te bay lòd ke moun resevwa batèm **nan non Senyè a**, men kote dezyèm fòmil la ye. Nan Travay 19:5, Pòl batize moun yo nan **non Senyè Jezi**, men kote twazyèm fòmil la ye. Se konsa, nou retrouve ak de oswa twa fòmil, selon vèsyon nou an.

Nenpòt fason, nou retrouve nou ak omwen de fòmil, kèlkeswa vèsyon Bib la ke n'ap itilize a. Se konsa, ki fòmil ki vrè? Ki moun ki finalman te resevwa kle reyèl la, pou ke nou retrouve nou ak plizyè fòmil? Pyè a menm ki ta resevwa kle yo ki revele sèl fòmil ki vrè a, itilize nan kote diferan, de fòmil diferan. Èske Pyè pa ta toudi? Èske li te reyèlman resevwa fòmil misterye'l la nan kle li yo? Poukisa li ta pran risk pou chanje fòmil la selon kote li trouve li?

Demon yo ka tante di nou ke **nan non Jezi Kris** ak **nan non Senyè a**, vle di menm bagay la. Se pa vre. Pou moun ki se moun Bondye yo epi ki gen krentif pou Bondye tankou Apot Pyè, de ekspresyon sa yo vle di menm bagay la. Men, dapre rezonman ajan satan yo, se pa menm bagay la. Kite m' demonstre li pou nou. Si nou vle pale estrikteman nan tèm fòmil, diferan fòmil sa yo pa menm bagay. **Nan non Jezi Kris** diferan ak **nan non Senyè a**, epi diferan a **nan non Senyè Jezi**.

Nan non Jezi Kris, se nan non Jezi Kris, yon Jezi Kris ki ka pa Senyè a, piske gen plizyè Jezi Kris. Ajan satan yo genyen nan mond fènwa yo, jezi kris pa yo, ki diferan de pa nou an. Nan non Senyè Jezi, se byen Senyè Jezi ki konsène a. Nan non Senyè a, sa kapab nenpòt ki Senyè, san nesesèman se pa Jezi. Si li estrikteman pou nosyon fòmil la, se ke fòmil sa yo diferan, e la nou pral konprann ke Apòt yo, yo menm te itilize plizyè fòmil, e ke Pyè li menm, byen ke li se sila a ki te resevwa kle fòmil misterye a, ta vyole enstriksyon yo ak sekrè misterye revelasyon sa a, e ta itilize plizyè fòmil.

Men, si demon sa yo vle gen rezon nan soutni ke **nan non Jezi Kris** (Travay 2:38) egal a **nan non Senyè a** (Travay 10:48), e egal a **nan non Senyè Jezi** (Travay 19:5), yo pral oblije pou yo admèt ke **nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a** (Matye 28:19-20), **nan non Jezi Kris, nan non Senyè a**, ak **nan**

non Senyè Jezi, se egzakteman menm bagay la. Se dayè sa ke y'ap soutni, lè yo di ke Pyè te *"konprann ke dèyè non Senyè Jezi Kris demere tout plenitid Papa a, Pitit la ak Sentespri a"*. Yo afime ke non Senyè Jezi Kris ak non Papa a, Pitit la, ak Sentespri a se menm bagay la. Men, kòm yo pa gen okenn entèlijans, yo kwè yo jwenn diferans ki genyen nan sa.

11- Demon yo fò pou tòde sans pawòl Bondye a

Demon yo vrèman fò nan deformation sans pawòl Bondye a. Gade avèk ki fasilite yo prezante nou kontrè sa ki ekri a, kontrè de sa ke n'ap li a, nan ban nou lenpresyon ke manti ke y'ap ansenye nou an, se sa ki ekri. Men yon vrè egzanp manipilasyon avèk li ke satan sedwi e twonpe mond lan.

Ann egzaminen deklarasyon sa a ki soti nan demon yo: *"Nan pasaj sa a nou wè, yon kote itilizasyon pa Pyè kle wayòm syèl yo, epi, lòt kote a, **obeyisans** sila sa a ak lòd Senyè Jezi Kris konsènan batèm nan."*

Daprè doktrin demon sa yo, Pyè te vyole nan fason flagran enstriksyon Senyè a, epi li te byen klè dezobeyi Jezi. Paske enstriksyon Jezi pou batize nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri an se ase klè; men, dapre ansèyman demon yo, se byen kontrè a ke Pyè te fè. Men, sèpan sa yo pa frèt nan je yo lè yo rele dezobeyisans Pyè sa a, obeyisans, nan pwen pou yo di **"obeyisans lòd Senyè."** Konprann lè sa a, trè byen, ke ajan satan yo ansenye sèlman kontrè verite a. **Konklizyon:** si nou vle konnen verite a, pran chak fwa kontrè nan sa ajan satan yo ap di nou.

Koute ankò ki jan moun mekan sa yo eseye nan yon fason rize pou fè yo mete Pyè kont Jezi. Ann gade nan fraz sa a: *"Donk Pyè pa t' kontante tèt li ak yon senp resitasyon oswa repetisyon nan kòmandman Senyè Jezi a, li te konprann ke dèyè non Senyè Jezi Kris demere tout plenitid Papa a, Pitit la ak Sentespri a."*

Pou sèpan sa yo, Jezi tèlman te san sans ke Li pa t' konprann ke w pa ka pèmèt tèt ou pou soumèt granmoun yo nan *senp resitasyon oswa repetisyon kòmandman yo*, paske sa li te mande pou nou fè a, dapre demon yo, ta dwe *yon senp resitasyon oswa repetisyon kòmandman an*.

12- Nosyon senp repetisyon kòmandman dapre demon yo

Ann pale yon ti kras sou nosyon sa a *senp resitasyon oswa repetisyon kòmandman an*. Nouvo fòmil Pyè a, ki sa li ye? Byen-neme, kite m' montre nou ke ajan satan yo gen lespri yo konplètman tou nwa, menm si yo gen odas pou yo kwè ke yo entèlijan. Men yo ap konbat enstriksyon batèm nan ke Senyè a te kite pou nou an, paske enstriksyon sa a ta dwe yon *senp resitasyon oswa repetisyon kòmandman an*. Si nou kite *senp resitasyon* Jezi sa a paske nou vle korije erè L' yo, ann kòmanse batize sèlman nan non Jezi Kris dapre *"fòmil"* demon yo, kisa ki pral diferans lan?

Pou'n nan dlo a chak fwa ap di, *"mwen batize w nan non Jezi Kris"*, li pa ta sèlman yon senp resitasyon? Pale an tèm de yon *senp resitasyon oswa repetisyon kòmandman an*, ban m' diferans ki genyen ant sila ki batize dis fwa

nan repete, *"mwen batize'w nan non Jezi Kris"*, ak sila ki batize dis fwa nan repete, *"mwen batize'w nan non Papa a, ak Pitit la, ak Sentespri a."* Ki sa ki mwens resitasyon oswa mwens repetisyon ant de fason sa yo pou fè? Sotiz demon sa yo li vrèman gwo. Sonje dènye fwa pou tout, ke se a nou menm, Pitit Bondye yo, ke Bondye te bay bon konprann ak entèlijans. Demon yo pa gen okenn.

Pyè, ki te konnen ke Jezi se te yon moun fou daprè demon yo, te konprann ke li pa t' nesesè pou fè konfyans a sa Jezi te di a. Answit, konnen ke Jezi se te, daprè menm demon sa yo, sèlman yon moun ki inyoran ki pa t' konnen ki sa li t'ap di, Pyè te korije inyorans Jezi a nan ranplase enstriksyon an ke Jezi te bay la pa yon lòt enstriksyon.

Mwen tou ap fè nou sonje ke enstriksyon Jezi a pou ale batize nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a pa't adrese sèlman a Pyè. Enstriksyon sa yo te tou adrese ak lòt Apòt yo, lòt disip ki te kapab batize moun yo, e menm ak nou menm ke yo rele jodi a pou batize moun. Sa vle di ke, menm si Pyè te vrèman yon rebèl tankou jan demon sa yo vle prezante l' la, li ta ka te chanje enstriksyon Jezi a pou tèt li, men, pa pou tout moun, piske li pa gen okenn dwa pou fè sa. Sa vle di ke si Pyè te yon rebèl, rebelyon l' ta sèlman angaje l', e chanjman fòmil la ta sèlman konsène l'. Sa a pa ta konsène lòt Apòt yo ki te avè l' yo, ni nou menm.

Daprè blasfèm ajan Lanfè sa yo, Pyè ka pèmèt tèt li pou fè rebèl kont Jezi jan li vle, pou meprize enstriksyon Jezi an jan li vle, chanje tout bagay jan li vle, sou pretèks ke li ta resevwa kle wayòm Bondye a. E selon entèpretasyon yo, se depi nan sèvi ak kle yo pa Pyè nan Travay 2:38, ke moun yo kòmanse pral sove, piske se sèlman a pati Pyè ke moun pral pran vrè batèm nan, avèk vrè fòmil la. Lè m' di nou ke moun ki te vann satan nanm yo se moun ki pi sòt sou latè, nou panse pafwa li se yon joure. Egzamine rezonman sa a nou menm. Èske nou konprann ki sa sa vle di? Sa a tou senpleman vle di ke pa gen okenn moun ki te antre nan Syèl la anvan misterye dekouvèt Pyè a, e pa gen okenn moun ki pral antre nan syèl la san Pyè pa ba yo pèmasyon pou sa. Senyè Jezi ki te vini pou sove nou, ta gaspiye tan l' yo, paske malgre sakrifis li a, tout moun dwe ale nan fòmil majik ke Pyè ta dekouvri a nan itilize misterye kle yo, pou sove. Di'm si nou kwè ke yon bagay konsa posib. Sa a se rezonman pitit dyab la sa yo ki kwè ke yo konprann pawòl Bondye a tou.

Se pou nou deja remake byen ke Bib la pa mansyone nenpòt kote ekspresyon *"fòmil"* pou yo itilize pou batèm. Se sèk demon yo k'ap ansenye doktrin satanik la selon li ke Jezi se an menm tan, Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a, k'ap pèdi tèt yo ak pèdi lòt moun yo, avèk nosyon fòmil batèm dlo a. Se menm demon sa yo ki te envante nosyon sa yo *"fonksyon bondye yo"*, *"atribi bondye yo"*, *"bondye initè"*, *"bondye trinitè"*, bann tèm san sans, ki jis konstwi pou simen konfizyon nan lespri inyoran yo ak moun ki fèb nan lespri.

Bib la pa montre okenn andwa kote disip yo nan dlo a, te pwononse yon kèlkonk fòmil. ***Lè demon yo di nou ke disip yo te batize sèlman nan non Jezi, mande yo pou montre nou yon sèl andwa kote yon disip nan dlo a te pwononse fòmil sa a. Pa kite tèt nou sedwi pa demon yo ankò. Si nou toujou nan youn nan sèk satanik k'ap sipòte pale mal sou Bondye a selon li***

Nou lib pou fè foto kopi liv sa a e pou distribye'l. Men li entèdi pou modifiye'l ou pou chanje'l.

menm nan ke Jezi Kris se an menm tan Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a, soti la rapidman si nou vle kenbe Sali nou an. Bib la klè e san difikilte, jan nou te jis sot montre nou li a. Nou pa bezwen pou pase pa bann ekstravagan pou konprann Bib la. Li pi byen senp pou konprann pase jan nou panse a.

13- Travay 18:24-28 ak Travay 19:1-7

Travay 18:24-28 ²⁴Yon jwif yo te rele Apolòs rive lavil Efèz. Se te moun lavil Aleksandri. Nonm sa a te konn pale byen, li te konn tout sa ki te ekri nan Liv yo. ²⁵**Yo te moutre l' chemen Bondye a. Depi lè sa a, li te cho pou l' te anonse pawòl la. San dezanpare li t'ap moutre moun yo tout sa li te konnen sou Jezi yon jan ki konfòm ak verite a.** Men, se batèm Jan an ase li te konnen. ²⁶Li t'ap pale avèk fòs konviksyon nan sinagòg la. Lè Prisil ak Akilas tande l', yo pran l' avèk yo epi yo fin moutre li chemen Bondye a yon jan ki pi kòrèk. ²⁷Après sa, Apolòs fè lide ale Lakayi. Frè yo te ankouraje li. Yo ekri yon lèt voye bay disip yo ki nan peyi sa a pou yo te byen resevwa Apolòs. Lè li rive Lakayi, li bay moun Bondye te fè favè kwè yo yon gwo konkou. ²⁸Se avèk gwo konviksyon devan tout moun li t'ap moutre jwif yo ki jan yo te nan lerè: li pran sa ki ekri nan Liv yo a, li t'ap ba yo prèv se Jezi ki Kris la."

Bib la prezante nou Apolòs tankou yon nonm ki te konn pale byen e te konnen tout sa ki te ekri nan Liv yo. Pawòl Bondye a presize ke Apolòs sèlman te konnen batèm Jan an. Okenn kote nou pa wè frè Efèz yo te mande l' pou l' reprann batèm li. Okontrè, yo rekòmande l' bay frè yo ki nan Lakayi. Epi lè li rive nan Lakayi, frè yo te resevwa l' e pa mande l' pou l' reprann batèm li. Egzanp sa a ede nou konprann ke Apot Pòl pat remete an koz batèm disip yo nan Travay 19 la paske batèm yo a te batèm Jan an. Demon yo ki gen misyon pou tòde siyifikasyon pawòl Bondye a, pretann ke Pòl te rebatize disip yo ankò nan Travay 19 paske batèm yo a te batèm Jan an, e ke batèm sa a te fèt san vrè fòmil la. Senyè a te fèmen bouch yo ak egzanp sa a nan Travay 18.

Kite mwen kounye a etabli diferans ki genyen ant Travay 18 ak Travay 19, sa vle di, ant ka Apolòs la ak pa disip yo nan lavil Efèz ke Pòl te rankontre yo.

Malgre ke Apolòs te konnen sèlman batèm Jan an, ki vle di, byenke li pat ankò konnen batèm Sentespri a, li te yon disip ki te konn tout sa ki te ekri nan Liv yo. Li te konnen epi konprann pawòl Bondye a, nan pwenn anonse ak ansenye egzakteman sa ki konsène Jezi. Nan lòt kote a, disip ki nan lavil Efèz yo ke Pòl te rankontre yo, te konnen tou sèlman batèm Jan an, sa vle di ke tankou Apolòs, yo pa t' ankò konnen batèm Sentespri a. Men, kontrèman ak Apolòs, yo pat konnen anyen sou pawòl Bondye a, nan pwenn yo pa menm konnen ke te gen yon Sentespri. Degre inyorans sa a nan disip sa yo te pwouve ke batèm yo a pat fèt nan bon kondisyon. Yon vrè disip Jezi Kris, ki te batize nan bon kondisyon, pa ka manke konnen ke Sentespri a egziste. Ti demonstrasyon sa a konplètman fèmen bouch ajan dyab lougawou yo, e définitivement defèt manti yo a.

Travay 19:1-7 ¹Antan Apolòs te lavil Korent, Pòl menm t'ap pase nan tout mòn peyi Lazi yo jouk li rive lavil Efèz. Li jwenn kèk disip nan lavil la. ²Li mande yo: Èske nou te resevwa Sentespri lè nou te kwè a? Yo reponn li: **Yo pa t' janm di**

nou te gen yon Sentespri. ³Lè sa a, Pòl mande yo: Ki batèm nou te resevwa? Yo reponn li: Batèm Jan an. ⁴Pòl di yo: Jan te batize moun ki te asepte tounen vin jwenn Bondye, li t'ap di pèp Izrayèl la pou yo te kwè nan moun ki t'ap vini apre l' la, ki vle di Jezi. ⁵Lè yo tandè sa, yo mande pou resevwa batèm nan non Senyè Jezi. ⁶Après sa, Pòl mete men sou tèt yo, epi Sentespri desann sou yo. Yo pran pale an lang, yo t'ap bay mesaj ki soti nan Bondye. ⁷Te gen douz gason konsa antou."

14- Nan Non Mwen

Lè Jezi te vle yon aksyon fèt nan non L', oswa nenpòt rekòmandasyon fèt nan non Li, Li pa t' pase pa detou pou di li. Senyè a pa janm te gen yon pwoblèm pou mande pou yon bagay fèt nan non Li. Se sa pasaj an ba yo aprann nou:

Matye 18:5 "Nenpòt moun ki resevwa yon timoun tankou timoun sa a, se mwen menm li resevwa." Remake byen ke nan kèk vèsyon nan Bib la, li di nan vèsè sa a ke: "Nenpòt moun ki resevwa yon timoun tankou timoun sa a **nan non mwen**, se mwen menm li resevwa."

Matye 18:20 "Paske, chak fwa de ou twa moun mete tèt yo ansanm **nan non mwen**, m'ap la nan mitan yo."

Mak 9:37 "-Nenpòt moun ki resevwa yon timoun konsa **poutèt mwen**, se mwen menm menm li resevwa. Nenpòt moun ki resevwa m', se pa mwen li resevwa, men se moun ki voye m' lan li resevwa."

Mak 9:39 "Jezi reponn li: -Kite l' non. Paske yon moun ki **pran non m'** pou fè mirak pa kapab pale m' mal apre sa."

Mak 9:41 "Sa m'ap di la a, se vre wi: nenpòt moun ki va ban nou yon gode dlo paske se moun Kris la nou ye, li pa gen dwa pèdi rekonpans li." Remake byen ke nan kèk vèsyon nan Bib la, li di nan vèsè sa a ke: "Sa m'ap di la a, se vre wi: nenpòt moun ki va ban nou yon gode dlo **nan non mwen**, paske se moun Kris la nou ye, li pa gen dwa pèdi rekonpans li."

Mak 16:17 "Moun ki kwè va fè anpil mirak; y'a chase move lespri **nan non mwen**, y'a pale lòt lang."

Lik 9:48 "Epi li di yo: Nenpòt moun ki resevwa timoun **sa a poutèt mwen**, se mwen menm menm li resevwa. Nenpòt moun ki resevwa m', li resevwa moun ki voye m' lan tou. Moun ki pi piti nan mitan nou tout la a, se li ki pi grannèg."

Lik 21:8 "Jezi di yo: Atansyon pou pèsonn pa twonpe nou. Paske, plizyè moun va vin **sou non mwen**, y'a di se yo menm ki Kris la, ou ankò jou a rive! Pa koute yo."

Jan 14:13 "Tou sa n'a mande **nan non m'**, m'a fè l' pou nou, pou Pitit la ka fè wè pouvwa Papa a."

Jan 14:14 "Nenpòt kisa n'a mande **nan non m'**, m'a fè l' pou nou."

Jan 14:26 "Moun ki pou vin ankouraje nou an, se Sentespri a. Se Papa m' k'ap voye l' **nan non mwen**. Sentespri sa a va moutre nou tout bagay, la fè nou chonje tout sa m' te di nou."

Jan 15:16 "Se pa nou ki chwazi m', se mwen menm ki chwazi nou, ki mete nou apa pou n' ale, pou n' ka donner, pou donn nou ka konsève. Konsa, Papa a va ban nou nenpòt kisa n'a mande **nan non mwen**."

Jan 16:23 "Jou sa a, nou p'ap poze m' kesyon sou anyen. Sa m'ap di nou la a, se vre wi: nenpòt bagay nou mande Papa a **nan non mwen**, la ban nou li."

Jan 16:24 "Jouk koulye a, nou poko mande anyen **nan non mwen**. Mande, n'a jwenn pou nou ka kontan nèt ale."

Jan 16:26 "Jou sa a, n'a mande Papa a sa nou vle **nan non mwen**, mwen pa di m'ap lapriyè Papa a pou nou."

Si Senyè a te ka santi li tèlman konfòtab pou mande disip Li yo pou fè tèl ou tèl lòt bagay nan non Li, poukisa nan ka batèm dlo a Li dwe pase pa bann ensinyasyon pou ba yo enstriksyon? Ki sa Jezi t'ap pèdi pou di disip li yo: "Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, **batize yo nan non mwen**. Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba." Poukisa Li ta dwe pè oswa wont pou mande disip Li yo pou batize nan non Li? Èske Li ta toudenkou te pè ke Papa L' ta akize l' nan bay tèt li twòp enpòtans? Se poutèt sa, nou konprann, byen-neme, nou pa bezwen yon gwo konesans pou konfonn trè gwo manipilasyon ajan Lanfè yo.

15- Lòt pasaj edifyan

Travay 1:1-22 ¹Teofil monchè: Nan premye liv mwen an, mwen te rakonte tout sa Jezi te fè ak tout bagay li te moutre pèp la, depi nan kòmansman, ²jouk jou li moute nan syèl la. Anvan l' te moute a, li te pale ak moun li te chwazi pou sèvi apòt yo. Avèk pouvwa Sentespri sou li, li ba yo lòd sa pou yo fè. ³Aprè lanmò li, li te parèt plizyè fwa devan yo. Li te ba yo divès prèv li te vivan ankò. Pandan karant jou, li fè yo wè l', li pale yo sou peyi kote Bondye wa a. ⁴Yon jou yo t'ap manje ansanm, Jezi ba yo lòd sa a: Pa kite lavil Jerizalèm. Rete tann sa Papa a te pwomèt la, kado mwen t'ap pale nou an. ⁵**Jan te batize nou nan dlo, men nan kèk jou ankò, nou pral resevwa batèm Sentespri a.** ⁶Lè sa a, moun ki te reyini bò kot Jezi yo pran mande li: Mèt, èske se koulye a ou pral mete gouvènman pèp Izrayèl la sou pye l' ankò? ⁷Jezi reponn yo: Nou pa bezwen konnen ki jou ni ki lè sa va fèt. Se Papa a ki fikse dat la li menm, pou kont li. ⁸Men, lè Sentespri a va desann sou nou, n'a resevwa yon pouvwa. Lè sa a, n'a sèvi m' temwen nan Jerizalèm, nan tout peyi Jide ak nan tout peyi Samari, jouk nan dènye bout latè. ⁹Aprè li fin di yo sa, li moute nan syèl. Antan yo t'ap gade li, yon nyaj vin bouche l' devan je yo. ¹⁰Yo te gen je yo fikse nan syèl la kote Jezi t'ap moute a, lè de zòm, abiye tout an blan, parèt konsa bò kote yo. ¹¹De zòm yo di yo: Nou menm, moun Galile, poukisa nou rete la ap gade syèl la konsa? Jezi sa a ki fèk sot nan mitan nou an pou moute nan syèl la, li gen pou l' tounen menm jan nou wè l' moute nan syèl la. ¹²Aprè sa, apòt yo desann mòn Olivye a, yo tounen Jerizalèm. Mòn lan te toupre lavil la, distans yon kilomèt

konsa. ¹³Lè yo rive Jerizalèm, yo moute nan chanm anwo kay kote yo konn ye a. Lè sa a te gen Pyè, Jan, Jak ak Andre, Filip ak Toma, Batèlmi ak Matye, Jak, pitit Alfe a, Simon, nonm patriyòt la, epi Jid, pitit Jak la. ¹⁴Yo tout mete tèt yo ansanm, yo t'ap lapriyè san rete. Medam yo te la tou ansanm ak Mari, manman Jezi, ak frè l' yo tou. ¹⁵Yon jou tout frè yo te sanble, te gen san ven (120) moun antou konsa. Pyè kanpe nan mitan yo, li di: ¹⁶Frè m' yo, sa Sentespri te anonse nan Liv yo, fòk sa te rive vre. Se konsa, nan bouch David, li te fè konnen davans ki jan Jida t'a pral mennen moun ki te arete Jezi yo. ¹⁷Jida te yonn nan nou, li te gen sèvis pa l' nan travay nou an. ¹⁸(Avèk lajan yo te ba l' pou krim lan, Jida te achte yon moso tè. Se la li tonbe sou tèt, vant li pete, tout zantray li gaye sot deyò. ¹⁹Se bagay tout moun nan Jerizalèm konnen byen. Se pou sa nan lang yo, yo te rele tè a: Akeldama, ki vle di: jaden san an.) ²⁰Men sa ki ekri nan Liv Sòm yo: Se pou kay li a rete san moun. Se pou pèsonn pa rete ladan li. Pi lwen ankò nou jwenn: Se pou yon lòt moun pran plas li nan travay la. ²¹Se poutèt sa, nou bezwen yon lòt moun ansanm ak nou pou sèvi temwen Senyè Jezi te leve soti vivan nan lanmò. Moun sa a, fòk se yonn nan moun ki te toujou la avèk nou tout tan Senyè Jezi t'ap mache avèk nou nan tout peyi a, ²²**depi lè Jan te batize l' la jouk jou li te kite nou an pou l' moute nan syèl la.**"

Pasaj sa a pou kont li fè silans konfli a alantou sa ke yo rele "*Fòmil Batèm Dlo a*". Vèsè 5 lan konfime ke gen sèlman de kalite Batèm: batèm dlo a ak batèm Sentespri a, e ke gen sèlman de otè pou batèm yo: Jan kòm otè batèm dlo a, ak Jezi kòm otè batèm Sentespri a, Bondye Papa a se Otè tout bagay, byen si. Lè nou konprann ke Jan se sèl otè batèm dlo a, li vin pi fasil pou nou konprann poukisa batèm dlo a toujou rele batèm Jan.

Nan vèsè 5 lan Jezi di: ***Jan te batize nou nan dlo, ...*** konsa rekonèt kòm sèl batèm ki valab, batèm Jan an. Nan vèsè 22 a Pyè di: ***Depi batèm Jan an...*** tou rekonèt kòm sèl batèm ki valab, batèm Jan an. Senyè a rekonèt ke se Jan ki te enstitiye batèm dlo a, epi apot Li a Pyè, ke demon yo akize ke li te resevwa yon kle ki te revele l' sa yo rele vrè fòmil lan, rekonèt batèm Jan kòm sèl vrè batèm. Sepandan Jan pa t' tann pou fòmil misterye Pyè a pou kòmanse batèm dlo a.

Jan 1:33 "*Lè sa a, mwen pa t' ankò konnen ki moun li te ye. Men, Bondye ki te voye m' batize nan dlo a, te di m': Wa wè Lespri Bondye a desann. La rete sou tèt yon nonm: Se li menm ki gen pou batize moun nan Sentespri.*"

Pasaj sa a montre nou ke Bondye Papa a rekonèt sèlman de batèm, batèm dlo a, ak batèm Sentespri a. E Bondye Papa a dezinye sèlman de otè pou batèm sa yo: Jan kòm otè batèm dlo a, e Jezi kòm otè batèm Sentespri a.

Lik 7:29-30 "²⁹Tout pèp la ansanm ak pèseptè kontribisyon yo t'ap tande li. Moun sa yo te rekonèt se Bondye ki gen rezon, **se pou sa yo te fè Jan Batis batize yo. ³⁰Men, farizyen yo ak doktè lalwa yo **te refize sa Bondye te vle fè pou yo; se sak fè yo pa t' kite Jan Batis batize yo.**"**

Daprè Jezi, se moun ki refize batèm Jan an ki pral nan Lanfè, paske yo te refize sa Bondye te vle fè pou yo. Men, daprè ajan Lanfè yo, se moun ki batize avèk batèm Jan an, ki pral nan Lanfè, paske yo te aksepte yon batèm ki pat fèt daprè

yon fòmil ki pat egziste nan moman Jan an, e ki ta dekouvri pa Pyè lontan apre Jan Batis, e apre Jezi. A nou menm ki pou dezinye ki moun ki, ant Jezi Kris oswa ajan satan yo ki gen rezon. Si nou kwè ke se Jezi Kris, ki gen rezon, repanti byen vit e soti nan tout sèk demon yo ki di ke batèm nan non **Papa a, Pitit la ak Sentespri** a fo. E si nou panse ke se pitit dyab yo, ki gen rezon, rete nan sèk yo, e kontinye blasfèm nou an.

Travay 13:24 *"Men, anvan Jezi te vini, Jan t'ap mache bay mesaj sa a, li t'ap rele tout pèp Izrayèl la pou yo te tounen vin jwenn Bondye, pou yo te resevwa batèm."*

Nou te jis li ke anvan Jezi te vini, **Jan t'ap preche batèm repantans** lan pou tout pèp Izrayèl la. Si batèm Jan an, donk fo, li ta vle di ke sa ke Bib la rele batèm repantans lan, se pito batèm kondanasyon. Daprè ajan satan sa yo, se pito yon fo batèm, yon batèm kondanasyon e lanmò, ke Jan te preche tout moun pèp Izrayèl yo anvan Jezi te vini. Jan Batis, voye pa Bondye Papa a pou prepare Chemen Sovè mond lan donk ta gen pou misyon pou mennen tout pèp Izrayèl la nan Lanfè anvan Jezi te vini, daprè doktrin demon yo. Pa kite sa etone nou. Demon yo gen yon misyon pou goumen kont Bondye, e pale mal sou Bondye se yon pati nan zam yo.

Jan 1:19-36 ¹⁹Men sa Jan Batis te di lè jwif ki lavil Jerizalèm yo te voye kèk prèt ak kèk moun Levi vin mande l' ki moun li ye. ²⁰Jan pa t' refize reponn yo, li di yo kareman devan tout moun: Se pa mwen ki Kris la. ²¹Yo mande li: Ki moun ou ye atò? Ou se Eli? Jan reponn yo: Non, mwen pa Eli. Yo di li: Ou se pwofèt la? Li reponn yo: Non. ²²Lè sa a yo di li: Ki moun ou ye menm? Paske, nou gen pou n' pote yon repons bay moun ki voye nou yo. Ki moun ou di ou ye? ²³Jan reponn: Mwen se vwa nonm k'ap rele nan dezè a: Plani chemen an byen plani pou Mèt la! (Se sa pwofèt Ezayi te di.) ²⁴Gen nan moun yo te voye bò kot Jan yo ki te soti lakay farizyen yo. ²⁵Yo mande li: Si ou pa ni Kris la, ni Eli, ni pwofèt la, di nou poukisa w'ap batize moun? ²⁶Jan reponn yo: Mwen menm, mwen batize nou nan dlo. Men, nan mitan nou la a, gen yon moun nou pa konnen. ²⁷L'ap vin apre m', men mwen pa bon ase pou m' ta demare kòd sapat li. ²⁸Tout bagay sa yo t'ap pase kote yo rele Betani an, lòt bò larivyè Jouden an kote Jan t'ap batize a. ²⁹Nan denmen, Jan wè Jezi ki t'ap vin jwenn li, li di: **Men ti mouton Bondye a k'ap wete peche moun sou tout latè.** ³⁰Men moun mwen t'ap pale nou an, lè m' te di nou gen yon nonm k'ap vin apre m' men ki gen plis pouvwa pase m', paske li te la anvan mwen. ³¹**Mwen pa t' konnen ki moun sa ta pral ye.** Men, mwen vin batize nou nan dlo pou moun pèp Izrayèl yo te ka rekonèt li. ³²Jan di yo ankò: Mwen wè Lespri Bondye a desann sot nan syèl la tankou yon ti pijon, li rete sou tèt li. ³³Lè sa a, **mwen pa t' ankò konnen ki moun li te ye. Men, Bondye ki te voye m' batize nan dlo a, te di m': Wa wè Lespri Bondye a desann. La rete sou tèt yon nonm: Se li menm ki gen pou batize moun nan Sentespri.** ³⁴Jan di yo ankò: **Mwen wè sa ak je m', se sa ki fè mwen di nou se li ki Pitit Bondye a vre.** ³⁵Nan denmen, Jan te menm kote a ankò ak de nan patizan li yo. ³⁶Li wè Jezi ki t'ap pase, li di: Men ti mouton Bondye a."

Nan meditasyon sou pasaj sa a, li klè ke pou batize, Jan pa t' sèvi ak "fòmil" "Nan non Jezi" oswa "Nan non Senyè Jezi a" oswa "Nan non Jezi Kris", depi nan

kòmansman ministè Jan an, Jezi pa t' ankò devwale bay pèp la kòm Kris la. Anvan yo te konn Jezi kòm Kris la, Jan te deja ap batize. Se sa ki konfime nan Travay 13:24 ke nou te li pi wo a. Menm si Sentespri a nan Jan te ka ede l' pou rekonèt Kris la, e se dayè sa ki te pase, jan sa dekri nan Jan 1:29, Jan li menm di nou nan vèsè 31 ak 33 ke li pa t' ankò konnen Jezi kòm Kris la. Menm si li te konnen ke Kris la te deja prezan nan mitan pèp la, li menm li pa t' ankò konnen ki moun ki te nan mitan pèp la ki te Kris la. Anplis de Sentespri a ki te ede l' idantifye Kris la, Bondye Papa a te ba li tou siy ki te revele nan vèsè 33 a. Se poutèt sa, nou konprann ke se a pati de moman sa a ke Jan te konnen ki moun ki nan mitan pèp la ki te Kris la, ki vle di, a pati batèm Jezi a. Sepandan, anvan batèm Jezi a, Jan te deja batize anpil moun, jan pasaj Lik 3:21 montre li **"Lè Jan te fin batize tout moun, li batize Jezi tou. ..."** e chapit 3 nan Matye.

Li klè, si li pat idantifye Kris la ankò, Jan pat ka itilize non Li nan nenpòt ki fòmil batèm. Se poutèt sa, Jan te batize moun yo san fòmil misterye a *"Nan non Jezi Kris"*. Si Bondye Papa a ki te voye Jan batize te valide batèm sa a, se ke doktrin demon yo (ki refize tout batèm ki pa fèt ak yon swadizan fòmil ke Apot Pyè ta dekouvri lontan apre lanmò Jan-Batis), se san fondman, jan nou te deja demontre l' la.

Jan 8:14-18 ¹⁴*Jezi reponn yo: Menm si mwen t'ap pale tèt mwen byen, sa m'ap di a se verite, paske mwen konnen ki bò m' soti, mwen konnen ki bò m' prale. Men, nou menm, nou pa konnen ni ki bò m' soti, ni ki bò m' prale.* ¹⁵*Nou menm, n'ap jije tankou lèzòm jije. Men, mwen menm mwen pa jije pèsonn.* ¹⁶*Mentou, si yon lè mwen gen pou m' jije, m'ap jije byen dapre verite a, paske mwen p'ap jije pou kont mwen. Papa ki voye m' lan ap la avèk mwen.* ¹⁷*Nou jwenn sa ekri nan Lalwa nou an tou: Lè de temwen fè menm depozisyon an, sa yo di a vre.* ¹⁸***Mwen sèvi temwen pou tèt pa m'; Papa a ki voye m' lan sèvi m' temwen tou.***

Nou pral san dout mande poukisa mwen site pasaj sa a nan Jan 8:14-18 nan ansèyman sa a ki gen rapò ak **Fòmil Batèm Dlo a**. Kite m' ba nou rezon ki fè sa. Demon yo ki kenbe ke batèm **nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a** fo, yo se menm nan k'ap soutni ke Bondye Papa a pa egziste, e ke Sentespri a pa egziste. Se menm demon sa yo ki di ke Jezi Kris pa gen okenn Papa, e li se pwòp Papa Li. Donk se doktrin demonyak sa a, ki nye Bondye Papa a ak Sentespri a k'ap fè blasfèm sa a konsènan batèm Jan an. De doktrin satanik sa a donk yo lye.

Konsa, si youn nan de ansèyman sa yo fo, dezyèm lan otomatikman fo. Nan pasaj sa a nan Jan 8:14-18, Senyè a konfime sa ki ekri nan Liv la, ki di ke **temwayaj de moun vre**. Apre sa, Li kontinye pou di ke temwayaj Li a ak pa Papa'L la, konstitye temwayaj de moun. Jezi Kris, Pitit Bondye a di enkontestabman isit la ke Papa L' ak Li se de moun distenk. Nan nivo sa a pou kont li, li klè etabli ke **Jezi Kris se pa Bondye Papa a, e ke Jezi Kris byen distenk a Bondye Papa a. Sa demontre moun ki toujou te doute yo, ke Jezi Kris se pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a; Li se vrèman vrè Pitit Bondye a**. Pasaj sa a pou kont li ase pou fèmen bouch tout demon yo k'ap sipòte doktrin satanik sa a. Se poutèt sa, si doktrin demon yo ki di ke Jezi Kris se Li menm ki Bondye Papa a ak Sentespri a fo, ki donk menm doktrin yo a ki kesyone batèm **nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a** fo tou.

16- Revelasyon

Yon lòt eleman dèyè li ke ajan dyab lougawou sa yo eseye kache lè yo kole, se pasaj Matye 11:27 ki di: *"Papa m' remèt mwen tout bagay. Pèsonn pa konn kilès moun Pitit la ye, esepte Papa a. Konsa tou, pèsonn pa konn kilès moun Papa a ye, esepte Pitit la, ak moun **Pitit la vle fè konnen li.**"* Moun mechan sa yo ap eseye enpresyone nayif yo nan di yo ke Apot Pyè te sèl moun ki te konnen sekre konsènan fòmil batèm dlo a, paske li te yon bagay kache, ke Pitit la te vle fè l' konnen. Byen-neme, menm si li te reyèlman nesesè pou pale de revelasyon, li ta enposib pou Apot Pyè resevwa yon revelasyon konsènan ministè Jan Batis la, ke Jan Batis li menm pa t' konnen. Mwen espere ke a pati de moman sa a, pèsonn p'ap tonbe nan pèlen pitit dyab sa yo.

17- Ajan dyab lougawou yo kwè ke yo pi entelijan pase Jezi

Nou gen lòt ti demon yo ki di nou ke li nesesè pou batize sèlman nan non Jezi Kris, paske tout Apot yo ta batize nan non sa a. Mande koulèv sa yo pou montre nou yon kote nan Bib la kote nou tande yon Apot oswa nenpòt lòt disip, pwononse yon fòmil pandan yo te nan dlo a. Mande yo pou ban nou non yon sèl Apot oswa lòt disip ki pandan ke yo te nan dlo batèm nan ap batize, te di *"Mwen batize ou nan non Jezi oswa nan non Jezi Kris, oswa nan non Senyè Jezi"*. Se pou yo ba nou non disip la ki te itilize fòmil sa a, epi pou ke yo ban nou vèsè Bib la ki pale de li a. Si koulèv sa yo ban nou yon vèsè konsa, nou lib pou nou swiv yo, epi ekri nou pou nou ta repanti.

Lòt koulèv yo di nou ke **"Nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a"**, se yon trinite piman katolik ak satanik. Yo ap di nou isit la ke Jezi Kris, ki te mande disip li yo batize nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a, se yon katolik e yon satanik. Lè koulèv sa yo konfonn ak vèsè Matye 28:19, gen kèk ki di ke vèsè a di *"Nan non"* an sengilye, e bann lòt ki di ke *"Papa, Pitit ak Sentespri"* yo pa non pwòp. Yon fason pou di nou ke yo pi entelijan pase Jezi. Pou voryen sa yo, Jezi pa t' konnen anyen sou sentaks, nivo gramè Jezi te trè ba.

Toujou gen lòt demon ki pale avèk nou swa de fonksyon Bondye yo oswa atribi Bondye yo. Moun ki pale sou fonksyon yo di ke Bondye li inik e chanje selon sa li vle fè. Apre sa, yo eksplike ke "Bondye Papa a" se yon fonksyon, "Bondye Pitit la" se yon lòt fonksyon ak "Bondye Sentespri a" se ankò yon lòt fonksyon, e tout sa a konstitye yon sèl e menm moun nan ki chanje selon sikonstans yo.

Moun ki pale de atribi yo di ke *"yon sèl Bondye Etènèl manifeste diferan atribi li yo dapre travay li ap fè a, Bondye se Papa a, Pitit la ak Sentespri a, paske Bondye te vin Papa nou atravè Jezi Kris moun Senyè nou an, ki rete nan nou atravè Sentespri l' ki se tou senpleman Jezi Kris Lespri"* Sa a se abominasyon an ke pitit dyab sa yo ap soutni, kidonk fè Bondye mantè, e konsa deklare Bib la fo.

Pa kite demon sa yo distrè nou avèk sa yo rele "fonksyon" oswa "atribi". Jis mande yo yon vèsè. Si nou pa vle demon sa yo gaspiye tan nou avèk rezònman yo ki pral irite ak revòlte nou pa basès yo, tou senpleman mande yo pou ban nou non yon sèl Apot oswa lòt disip ki pandan ke yo nan dlo batèm nan ap batize, te pwononse fòmil la *"Mwen batize ou nan non Jezi oswa nan non Jezi Kris, oswa nan non Senyè Jezi"*, epi ba nou vèsè Bib la ki di sa.

18- Yon kesyon bon sans

Si gen yon fòmil batèm dlo san li ke okenn batèm pa ta valab, fòmil sa a ta dwe natirèlman itilize depi nan kòmansman batèm nan, e fòmil sa a ta revele nan kòmansman batèm dlo a, ki se Jan Batis. Se yon kesyon bon sans. Jan Batis ki te gen pou ministè batèm dlo a, pat kapab fini ministè li jiskaske li mouri, san fòmil ministè sa a, pou ke pretandi fòmil sa a nan ministè li a dwe pito revele a moun ki te dwe sèlman kontinye ministè li a. Si lide revelasyon misterye sa a ke Pyè ta genyen an te vre, tout ministè Jan an pa ta sèvi anyen, piske li ta travay depi nan kòmansman rive nan fen, san revelasyon de sa ki te fè sans ministè li a menm. Èske nou panse yon bagay konsa posib?

Sonje ke Jan te ranpli ak Sentespri depi nan vant manman l'. Èske nou panse ke Senyè a ka voye sèvitè L' Jan, ranpli li ak Sentespri depi nan vant manman l', konfye l' yon misyon enpòtan tankou prepare Chemen Kris la Sovè limanite a, men menm kache li sekrè misyon sa a? Se sèlman demon yo ki pou blasfème nan fason sa a, epi genyen, erezman, sèlman lòt demon yo ki pou kwè nan foli sa yo. Chak vrè pitit Bondye Sentespri rete nan yo, e a tit sa a, jwi yon minimòm disènneman ki ede l' pou sèvi ak bon sans chak fwa sa nesesè.

Ministè Batèm Dlo a pat ni ministè Jezi, ni Apot Jezi yo. Se te ministè Jan Batis. Se poutèt sa, tout pèp la, ki gen ladan Jezi ak Apot Li yo, yo te batize pa Jan. E okenn nan yo pa ka kesyone ministè Jan an, ke yo tout te rekonèt pou vrè. Pa kite tèt nou distrè pa demon sa yo ki ap eseye detounen nou lwen pawòl Bondye a. Koulèv sa yo se ajan Lanfè yo ye, ki nan misyon pou sedwi ak devye maksimòm moun pou soti nan chemen Bondye a, kòm lisifè mèt yo te fè ak Adan ak Èv nan jaden Edenn nan. Si nou swiv yo, nou pral boule ak yo nan Lanfè a.

19- Temwayaj

Yon jou mwen te nan konferans avèk ansyen legliz yo, ki vle di, moun sa yo ki jeneralman pote tit Apot, Pwofèt, Doktè, Pastè ak Evanjelis. Sèvitè Bondye sa yo te fè pati pou laplipa nan sèk satanik sa yo k'ap soutni ke se Jezi Kris ki an menm tan, Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a. Pandan'm t'ap ansenye yo sou Batèm Dlo a, mwen te touche sou pwèn sa a konsènan fòmil batèm dlo a. E nan mitan lòt pasaj biblik yo ke mwen te li pou ede yo konprann ansèyman yo byen, te gen pasaj sa a Matye 28:18-20 ki di: *"¹⁸Jezi pwoche bò kote yo, li di yo konsa: Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a. ¹⁹Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, **batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a.** ²⁰Moutre yo pou yo obsève tout sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba."*

Osito ke mwen fin li pasaj sa a, youn nan patisipan yo, yon evanjelis swadizan, te deklare nan plen Asanble a, nan yon vwa byen fò e yon fason klè, ke li te alèji a vèsè 19 sa a nan Matye 28 ke mwen te jis li a, e ke vèsè sa a te ba'l kè plen. Mwen te sot la, byen-neme, pwovoke san'm pa rann mwen kont de sa, anvi vomi yon swadizan sèvitè Bondye, yon gwo evanjelis de plis, jis pa lekti yon vèsè biblik. Nou ka imajine anbarasman mwen devan spektak sa a. Mwen te dwe retrouve'm ap fè sa m' souvan evite fè, sa vle di ekspozè demon yo devan tout moun. Demon sa a te jis ekspozè tèt li, epi mwen pat ka kouvri l' ankò. Mwen

te oblije kanpe ansèyman an sou batèm dlo a ke mwen t'ap ba yo a, pou ba yo dabò yon moso nan ansèyman sou Disèneman an, ki te planifye pito pou pwochen jou yo.

Mwen te di gwo evanjelis sa a devan tout Asanble a ke li te yon demon. E pandan ke lòt kòlèg li yo te sanble sezi anpil, e yo te anpil anpil, mwen te mande yo pou yo kalm e pasyan, e koute ansèyman an ke mwen te gen pou ba yo a. Mwen te di yo ke si apre ansèyman an ke mwen te dwe ba yo a li te soti ke jijman ke mwen te jis bay pa rapò ak kòlèg yo a te fo, mwen te dwe repanti epi fini semine a. Tout te trè etone ankò. Yo te deja trè kalm depi nan kòmansman an, trè janti e trè reskonsab.

Se konsa, mwen te pran tan pou eksplike yo ke mwen konsidere yo kòm frè ak zanmi, e ke mwen pa t' panse ke mwen te siperyè ak yo nan anyen. Mwen te fè yo konprann ke mwen fè atansyon a langaj mwen lè mwen devan pèp Bondye a, e ke mwen pa janm pran tèt mwen pou sa ke mwen pa ye. Mwen te di yo ke mwen toujou gen anpil respè pou sèvitè Bondye yo, menm lè yo nan total inyorans, kòm se konsa yo te ye, e ke pou sa, Mwen pa ta janm pran risk pou rele yon sèvitè Bondye yon demon, jis pa mepri, oswa ensilte l'. Tout te vin plis kalm e trè atantif.

Mwen te ba yo yon moso nan ansèyman konsènan Disèneman an, pwomèt yo ke ansèyman sa a nan antye li te sou pwogram lan pou rès semine nou an. Mwen te montre yo pa pawòl Bondye a, ke pa gen okenn vrè pitit Bondye ki ka gen noze, nan senp yon lekti vèsè bibliik. Mwen te pran tan pou antre nan tout detay yo ki ta pèmèt yo konprann ansèyman an. Nan kèk èdtan, nou te mache nan tout Bib la. Lè'm te fini ansèyman an, yo tout te glase. Lè sa a, mwen te revele yo ke nan mitan pèp Bondye a gen plis demon pase pitit Bondye; mwen te demontre yo tou ke yon trè gran nonm moun nan moun ke y'ap rele pa erè sèvitè Bondye yo, pa soti nan Bondye ditou. Apre eksplikasyon ke mwen te jis ba yo atravè Bib la, tout moun te konprann, e te enpasyan pou tann jou ki te planifye pou ansèyman sou Disèneman an.

Mwen te fè efò pou rezime temwayaj sa a pi piti ke posib, pou pa rann ansèyman sa a twò long. Byen-neme men, yon ti istwa ki montre nou nan ki nivo ajan satan ke nou konsidere pa inyorans tankou pitit Bondye yo oswa sèvitè Bondye, santi yo mal alèz nan verite a. Pi zeke yo santi kareman degou pou verite a, epi santi yo anvi vomi pou li. Tankou demon sa a ke mwen jis sot ban nou temwayaj la, ajan satan yo fè alèji ak verite a. Se poutèt sa yo trè zeke pou preche manti e pou sipòte fo doktrin nan. Aspè sa a byen eksplike nan ansèyman sou **"Disèneman an"**, ke n'ap jwenn sou sit la www.mcreveil.org.

20- Avètisman

Pou evite fè ansèyman sa a long pou gremèsi, mwen pa pral devlope isit la tout avètisman yo ki te deja fèt nan lòt ansèyman yo, kote mwen pral refere nou pou ale. Ki sa nou bezwen sonje se ke lè nou jis rete sou sa ki ekri nwa sou blan nan pawòl Bondye a, nou trè fasil fèmen bouch tout ajan satan yo. Paske pou yo reyisi pou detounen nou nan chemen Bondye a, koulèv sa yo toujou oblije soti nan pawòl Bondye a.

Pa ezite li ansèyman ki rele **"Jezì Kris se Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a?"** ke mwen te rekòmande nou pi wo a. Li tou kondisyon yo ke mwen te rekòmande pou Pitit Bondye yo pou obsève chak fwa pou yo angaje yo nan nenpòt etid bibli, oswa nenpòt ki diskisyon oswa deba alantou Bib la avèk ajan satan yo. Nou pral jwenn ti tèks sa a sou sit la mcreveil.org. Li gen pou tit **"Kondisyon pou Etid Bibli yo"**.

Byen-neme, etid sa a ke nou sot jis fè a, ban nou yon lòt opòtinite pou detekte kèk lòt demon yo ki cache nan mitan pèp Bondye a. Isit la m' ban nou yon lòt eleman disènneman ki pral ede nou rekonèt kèk demon ki nan mitan Pitit Bondye yo. Men, anvan nou fè egzèsis disènneman sa a, nou dwe montre yon gwo souplès ak yon ekstrèm tolerans nan jijman an, menm jan nou abitye fè a.

Pou rezon sa a, byenke li etabli ke chak vrè pitit Bondye jwenn li fasil pou konprann bagay ki nan Bondye, byenke li etabli ke pa gen okenn vrè pitit Bondye ki ka blasfème nan fason sa a nan soutni ak vigè ke Bib la fo, sipoze malgre tout bagay ke tout relijye sa yo k'ap sipòte doktrin satanik sa a, yo swa nan inyorans oswa tou senpleman posede. Ba yo ansèyman sa a, ki elabore ase epi ki klè ase pou louvri je yo.

Moun sa yo ki pami yo ki te pito nan inyorans, yo pral libere pa verite a ki ekspoze nan ansèyman sa a. E moun ki te tou senpleman posede pral tou libere pa verite a ki byen klè etabli nan ansèyman sa a, paske jan nou byen konnen'l lan, verite a libere. *Jan 8:32*. Men moun ki, apre yo fin li tout demonstrasyon ki fèt nan ansèyman sa a, pral chwazi pou yo pa repanti, epi pito rete kole sou blasfèm nan, y'ap ban nou prèy ke yo se demon. Nan lòt mo, konnen ke nenpòt swadizan kretyen, ki apre li fin li ansèyman sa a kontinye kenbe ke batèm Jan an fo, se yon demon. Pa bliye ke demon yo pa janm repanti, pou yo ka pa sove. **"Lespri Bondye te di sa byen klè: nan dènye tan an, gen moun k'ap lage konfyans yo nan Bondye. Yo pral obeyi yon bann lespri k'ap bay manti, yo pral swiv yon bann pawòl ki soti nan move lespri yo."** **1Timote 4:1**.

Mwen fè isit la yon apèl pou repantans bay tout moun ki toujou nan doktrin satanik sa a. Nou tout k'ap gaye doktrin demon sa a, epi nou menm ki kwè nan blasfèm sa a, sezi men sa a ke Senyè a lonje a, e tounen vin jwenn Bondye. Abandone doktrin satanik sa a, epi kouri pou chemen Lanfè a pandan gen tan toujou. Soti nan tout sèk satanik sa yo k'ap blasfème yo. Si nou chwazi pou kite klèb satanik sa yo e deside mache nan sèn doktrin Kris la, santi nou lib pou kontakte nou.

21- Konklizyon

Pa konklizyon sa a, nou pral montre nou ke nou pa t' menm bezwen tout analiz ke nou sot fè a, pou demontre doktrin demon yo, e fèmen pou tout tan bouch ajan Lanfè sa yo k'ap blasfème yo nan di ke Batèm Jan an se yon fo Batèm. Ann egzamine pasaj sa yo nan Matye 3:11 ak Travay 1:5:

Matye 3:11 *"Mwen menm, mwen batize nou nan dlo, pou fè nou tounen vin jwenn Bondye. Men, moun k'ap vin apre mwen an gen plis pouvwa anpil pase m'. Mwen pa bon ase menm pou m' ta wete sapat ki nan pye li. Se li menm ki va batize nou nan Sentespri ak nan dife."*

Travay 1:5 *"Jan te batize nou nan dlo, men nan kèk jou ankò, nou pral resevwa batèm nan Sentespri a."*

Jan-Batis prezante tèt li nan Matye 3:11 tankou sila ki gen pou misyon Batèm Dlo a, e prezante Jezi Kris tankou sila ki gen pouvwa batize nan Sentespri a. Donk li montre la ke genyen de tip Batèm, kise Batèm Dlo a ak otè li Jan-Batis, ak Batèm Sentespri a, ak otè li Jezi Kris.

Jezi Kris prezante tèt li nan Travay 1:5 kòm moun ki gen pouvwa pou batize nan Sentespri a, epi li prezante Jan Batis tankou moun ki voye pou batize nan dlo. Li te soti tou la a ke gen sèlman de kalite Batèm, savwa Batèm Dlo a avèk Jan Batis kòm otè li, ak Batèm nan Sentespri a, avèk Jezi Kris kòm otè li.

Jan Batis pandan ministè li a te batize dè milye de moun, ki gen ladan Jezi ak Apot Li yo. Daprè ansèyman demon yo, se te apre lanmò Jan Batis, ak depa Jezi Kris, ke vrè fòmil Batèm nan te dekouvri pa Pyè. Ajan Lanfè sa yo donk, di nou ke nenpòt batèm ki fèt ***nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri*** a ta fo, e ki ta mennen nan Lanfè tout moun ki batize avèk "*fòmil*" sa a, e tout moun ki te batize avèk "*fòmil*" sa a. Yo ap di nou ke batèm Jan an fo, e ke Jan pat voye pa Bondye. Dè milye moun sa yo ke Jan batis te batize yo, ki gen ladan Senyè Jezi Kris, Apot Pyè, ak lòt Apot yo, tout pral nan Lanfè. Epi se sèlman moun ki te batize daprè fòmil ki swadizan dekouvri apre depa Jan Batis ak Jezi Kris la, ta sove.

Selon doktrin demon yo, Apot Pyè li menm, ki ta resevwa kle yo ki revele li sèl e inik mistè vrè fòmil batèm dlo a ki sove a, li nan Lanfè. Poukisa Apot Pyè li menm tou li nan Lanfè, poutan se li menm sèl mistè ki sove a te revele? Se paske Pyè li menm li te sèvi ak vrè fòmil la pou batize lòt disip yo, men te bliye pou li te rebatize ak menm fòmil sa a. E kòm tout batèm ki fèt san sèlman vrè fòmil la mennen pito nan Lanfè. Apot Pyè ki te rete ak batèm Jan an ki te fèt nan bon fòmil la li nan Lanfè. Alelouya! Sa ede nou pou konprann, byen-neme, ke sòt ajan satan yo li trè gran. Ajan Lanfè yo yo se bann gwo idyo.

Finalman, sonje yon dènye fwa pou tout, ke Apot Pyè pat janm dekouvri yon kèlkonk fòmil batèm, ke li pat janm kesyone batèm Jan an, e ke li menm li pat rebatize ankò paske yo te batize pa Jan san fòmil demon yo. Teyori de yon kèlkonk batèm nan ki dwe fè sèlman nan non Jezi, se yon doktrin piman satanik, soti tou dwat nan gwo twou san fon an. Si apre tout demonstrasyon nou sot jis fè yo, nou kontinye kwè ke doktrin demon yo vrè, nou pap gen eskiz menm ankò.

Benediksyon Bondye pou tout moun ki renmen Jezi Kris, Senyè nou an, ak yon renmen ki p'ap janm fini!

Envitasyon

Chè frè ak sè,

Si nou te kouri pou fo legliz yo e nou vle konnen sa ke nou dwe fè, men de solisyon ki ofri ak nou:

1- Gade si bò kote nou pa gen kèk lòt pitit Bondye ki krenn Bondye e ki dezire viv selon Sèn Doktrin nan. Si nou jwenn, nou lib pou nou mete ak yo.

2- Si nou pa jwenn e dezire pou rejwenn nou, pòt nou yo ouvè, Sèl bagay ke nou mande nou pou fè, se pou li dabò tout Ansèyman yo ke Senyè te ban nou yo, e ki sou sit nou an www.mcreveil.org, pou rasire nou ke yo konfòm ak Bib la. Si nou jwenn yo konfòm ak Bib la, e nou prè pou nou soumèt nou a Jezi Kris, e pou viv selon egzijans pawòl Li, n'ap akeyi nou avèk lajwa.

Se pou benediksyon Jezi Senyè a toujou la avè nou!